



## Men moun ki ka reprezante w legalman:

- Yon avoka imigrasyon ki lisansye. Gwoup ki pa travay pou pwofi, gwoup relijye, gwoup sèvis sosyal ki renome ak reprezantan yo ki resevwa akreditasyon nan men Komite Dapèl Imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA).
- Reprezantan ki kalifye tankou yon elèv kap etidye dwa e ki sou sipèvizyon yon avoka. Se pou yo bay jan dasistans sa a san frè.
- *Pa bliye*, yon ajans ki ofri sèvis imigrasyon, pa ni yon avoka ni yon reprezantan ki resevwa akreditasyon nan men Komite Dapèl Imigrasyon an.

## Chèche konnen ak kimoun ou annafè!

Mande pou yo montre w kalifikasyon, lisans ak eksperyans yo genyen anvan w pran yon desizyon.

### *Fè atansyon ak Magouy Notè Piblik*

Nan sèten kominote Latino, lè gen konfizyon sou otorite yon notè piblik, se lè sa a desepsyon mete pye. Nan lang panyòl, yon « notè piblik » se yon « notario publico » oswa « notario » ki vle di avoka nan sèten peyi kote yo pale panyòl. Fè atansyon ak « notè (notarios) » ki sanwont e ki jwe sou konfizyon sa a pou l eksplwate w.

- Liy Asistans Imigrasyon Leta Nouyòk (The New York State Immigration Hotline): **1-800-566-7636**
- Pwogram Imigrasyon Biwo Konsèy pou Sitwayen (Citizens Advice Bureau Immigration Program): **718-731-3114**
- Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS): **1-800-375-5283** oswa nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)
- Pou w sa jwenn yon lis reprezantan ak òganizasyon imigrasyon ki lejitim, ale sou sit entènèt Komite Dapèl Imigrasyon an ki se: [www.usdoj.gov/eoir/statspub/raroster.htm](http://www.usdoj.gov/eoir/statspub/raroster.htm)
- Pou w jwenn yon lis sèvis legal gratis, ale sou sit entènèt Depatman Lajistis Etazini nan: <http://www.usdoj.gov/eoir/probono/states.htm>

Si w se yon viktim magouy nan zafè imigrasyon, rele liy Asistans Biwo Pwokirè Jeneral Leta Nouyòk la nan 212-416-6149 oswa ale sou sit entènèt la nan [www.ag.ny.gov](http://www.ag.ny.gov)

Nou pap poze w kesyon sou kondisyon imigrasyon w, e si nou ta vin konnen kondisyon imigrasyon w, biwo sa a pral kenbe enfòmasyon an konfidansyèl pouvike lalwa pèmèt li. Li enpòtan pou imigran ki nan Nouyòk yo gen konfyans ase pou yo prezante yo nan Biwo Pwokirè Jeneral la pou yo pote plent.

## Magouy nan Sèvis Imigrasyon:

Chèche konn Dwa w!



Eric T. Schneiderman  
Pwokirè Jeneral



STATE OF NEW YORK (LETA NOUYÒK)  
OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL  
THE CAPITOL  
ALBANY, NY 12224

## FÈ ATANSYON AK MAGOUY NAN ZAFÈ IMIGRASYON

Lè Christine Owad ki nan Greene County, Nouyòk, te pwomèt ke l te ka jwenn kat rezidans (grinkat) sou ennan, ak pèmi travay sou kèlke mwa, yon santèn de imigran san papye te al bò kote l e yo te peye Owad jiska 4.000\$ pou sèvis imigrasyon l yo.

Sepandan, grasa yon investigasyon ke Biwo Pwokirè Jeneral la te mennen, yo te vin dekouvri ke Owad, ki tap pran pòz li te yon ajans ki bay sèvis imigrasyon e ki tap pran pòz li te chaje ak eksperyans, te fè fo pwomès pou kat rezidans (grinkat) ak pèmi travay sou pretèks te gen fay nan lwa imigrasyon yo. Epi-tou li te fè konprann li te gen gwo kontak ak en-fliyans nan Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini (USCIS). Owad te menm bay viktim li yo fòm imigrasyon pou fè yo konprann demach pou aplikasyon yo tap avanse.

Dè mwa apre, viktim yo ki pat sispèk anyen ditou vin dekouvri ke yo te rejte aplikasyon yo e ke yo te pèdi pou tout bon gwo lajan yo te peye yo.

Parapò a plent yo te resevwa, Biwo Pwokirè Jeneral la te pran aksyon legal kont Christine Owad e yo te obteni yon lòd tribinal ki te egzijè pou l repeye viktim li yo. Yo mete entèdiksyon kont Owad pou l sispann ak biznis konsiltasyon imigrasyon l lan.

Avoka ki sanwont oswa ajans sèvis imigrasyon kap opere ilegalman pwomèt souvan ke yo pral regle “papye yo san pèdi tan” oswa ke yo gen metòd sekre pou legalizasyon. **Fè Atansyon! Konsekans yo grav.** Ou ka andomaje kondisyon imigrasyon w pou tout rès vi w, ou ka pèdi dè milye de dola e yo ka menm depòte w Dèzetazini.

### Fè atansyon si yon ajans sèvis imigrasyon di w konsa:

- Nou ka fè w genyen kat rezidans (grinkat), pèmi travay, oswa Viza ameriken nan detwa semenn.
- Nou konn moun nan Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini (USCIS).

- Nou ka fè w kalifye si nou bay gouvènman an fo enfòmasyon sou ou.
- Se lajan kach nou aksepte sèlman.
- Nou garanti rezilta nou yo.

## KOUMAN ÈSKE W KA PWOTEJE TÈT OU?

**Tout ajans sèvis imigrasyon yo oblije ba w yon kontra ki ekri nan yon lang ou konprann. Se dwa w pou:**

- Anile kontra a san penalite oswa frè sou twa jou ouvrab.
- Resevwa yon kopi chak dokiman yo anrejistre ak gouvènman an.
- Resevwa dokiman orijinal ou yo menmsi w pa peye frè ak peman yo.

**Dapre lalwa, ajans sèvis imigrasyon yo pa kapab:**

- Bay konsèy legal oswa pratike dwa.
- Pwomèt favè espesyal oswa bay garanti.
- Mande frè pou sèvis yo pa bay.
- Revele enfòmasyon ki konsène w oswa anrejistre fòm san konsantman w.
- Fè w menas ke lap rapòte w bay imigrasyon oswa lòt otorite oswa lap domaje kondisyon legal ou sou okenn fòm.

**Si dwa w yo vyole, se dwa w pou pran aksyon legal kont ajans sèvis imigrasyon w lan e pou w chèche soulajman devan tribinal.**

*Chè moun ki rete nan Nouyòk:*

*Kominote imigran nou yo se yon pati enpòtan nan konpozisyon kiltirèl rich Leta Nouyòk la. Kontribisyon yo fè chak jou yo pèmèt yo rekonèt leta nou an kòm kapital mondyal ki plen divèsite, akonplisman, ak opòtinite.*

*Malerezman, gen anpil imigran kap chèche ranje legalman kondisyon imigrasyon yo e ki vin tonbe viktim de magouy sèten ajans sèvis imigrasyon yo. Konsekans yo ka devastatè.*

*Nou kreye bwochi sa a pou enfòme w sou dwa ak opsyon w genyen yo dapre lalwa e nou espere ke w pral itilize enfòmasyon sa a pou pwoteje tèt ou pandan wap prepare lavni w nan Nouyòk.*

Eric T. Schneiderman



